

Sample OBAT Treatment Agreement, Haitian Creole Translation

AKÒ POU TRETMAN NAN OBAT

Mwen dakò ak tout libète m epi ak tout volontè m pou aksepte akò sou tretman sa a, jan sa swiv la.

Mwen dakò pou m fè tout sa m kapab pou swiv randevou mwen genyen ki pwograme avèk founisè ak enfimyè mwen an epi se responsablite m pou rele klinik la si mwen pral anreta/si m ap vini anvan lè oswa si mwen bezwen replanifye randevou mwen an.

M ap deklare tout konsomasyon sibstans epi m ap diskite sou konpòtman wo-risk avèk ekip tretman mwen an. Lè m byen konprann sa yo, sa pral ede diminye risk pou m fè òvèdòz oswa enfeksyon epi li pral pwoteje sekirite m.

Si mwen kontinye lite avèk konsomasyon sibstans pèmanan, yo kapab chanje plan tretman mwen an, epi sa ka mande transfè nan plis tretman entansif.

Mwen prale nan randevou mwen yo anvan preskripsyon yo fini epi m ap konsève medikaman mwen yo nan yon kote ki san danje epi ki sekirize. Mwen konprann ke medikaman mwen an kapab pa renouvle bonè, menm si li pèdi oswa menm si yo vòlè l.

Mwen pral enfòme founisè mwen an si medikaman m ap resevwa a pa fonksyone pou mwen ankò pou nou ka fè yon nouvo plan tretman.

Mwen dakò pou m pa vann, pataje, oswa bay okenn nan medikaman mwen yo.

Mwen p ap angaje nan konpòtman ki mete sekirite okenn moun nan klinik la an danje. Lè mwen fè sa, sa kapab konsidere kòm rezon pou retire m nan pwogram nan.

Mwen p ap falsifye oswa trafike tès medikaman yo. Mwen konprann ke si mwen teste pozitif pou sibstans yo pa preskri m, oswa si mwen teste negatif pou sibstans yo preskri m, yo kapab ajiste plan tretman mwen an (pa egzanp, yo kapab mande m pou retounen nan klinik la pi souvan).

Mwen dakò ak vizit rapèl oaza ki genyen ladan tès toksikoloji ak kontaj medikaman, ki mande m pou reponn pa telefòn nan delè ki pa depase 24 èdtan.

Mwen dakò ke si mwen jwenn medikaman nan men nenpòt lòt preskriptè, famasi, oswa lòt sous, m ap enfòme ekip OBAT mwen an.

Mwen konprann ke lè mwen melanje buprenorphine avèk lòt sibstans, espesyalman sila yo ki ka lakoz sedasyon tankou benzodiazepine yo oswa alkòl, sa ka danjre. Mwen konprann ke yo te deklare lanmò lakay moun ki melanje buprenorphine avèk sibstans sedatif yo.

Si mwen vin tonbe ansent epi mwen nan laj pou fè timoun, mwen pral alète founisè swen sante mwen an si genyen yon chans pou m ansent pou yo ka asiste m nan etap ki apwopriye pwoteje mwenmenm avèk tibebe m lan. Sa pa vle di yo pral retire m nan tretman an.

Si nenpòt lè yo retire m nan pwogram sa a, yo kapab konsidere m yon lòt fwa alavni.

Non ak Lèt Detache

Siyati

Dat

Non Temwen ak Lèt Detache

Siyati

Dat

This document has been reproduced with permission from Boston Medical Center© and is excerpted from: Wason, K.F.; Potter, A.L.; Alves, J.D.; Loukas, V.L.; Lastimoso, C.S.; Sodder, S.B.; Caputo, A.M.; and LaBelle, C.T. *Massachusetts Nurse Care Manager Model of Office Based Addiction Treatment: Clinical Guidelines*. Unpublished treatment manual, Boston Medical Center, May 2021. This manual or any documents therein are not a substitute for informed medical decision making by an appropriate, licensed provider.